



LEKÒL LETA MIAMI-DADE COUNTY
Biwo Konfòmite Dwa Sivil
“Office of Civil Rights Compliance”
FÒM PLENT ANPLWAYE

NON: _____

ID ANPLWAYE A: _____

ADRÈS: _____

LEKÒL: _____

VIL/ETA/KÒD POSTAL: _____

LOKASYON TRAVAY: _____

TELEFÒN LAKAY: _____

TELEFÒN TRAVAY: _____

Enstriksyon: Bi fòm sa a se pou asiste w lè w ap prezante plent ou, ann akò ak gid Komisyon Konsèy Lekòl la. Enfòmasyon ou bay sou fòm sa a pral pèmèt anplwaye Biwo Konfòmite Dwa Sivil yo “Office of Civil Rights Compliance (CRC)” deside ki kesyon pou yo mande endividi ki kab konnen detay konsènan plent ou a.

Yo mande pou w bay plis detay posib lè w ap ranpli *Fòm Plent Anplwaye a*. Silvoulè tache nenpòt dokiman ou kwè ki ka sipòte deklarasyon ou a. Si w ta bezwen plis espas, pa ezite pou w tache paj adisyonèl. Tout enfòmasyon ou bay yo dwe verite e presiz.

1. *Ki moun (yo) ki pretandi diskrimine revanje e/oubyen anmède w?*

2. *Pou chak moun (yo) ki pretandi diskrimine revanje e/oubyen anmède w, silvoulè dekri an detay, ki sa k te pase e espesyalman dekri evènman egzat la oubyen aksyon ou panse yo te fè pou diskrimine, revanje e/oubyen anmède w.*

3. *Ki lè ou panse pretandi diskriminasyon e/oubyen anmèdman an fèt? (Bay yon dat apwoksimatif lè premye fwa pretandi diskriminasyon, revanj e/oubyen anmèdman an te fèt e, si te gen plis pase yon aksyon/epizòd.)*

4. *Èske se premye fwa yon endividi diskrimine, revanje oubyen anmède w ? Si non, silvouplè eksplike.*

5. *Depi ki lè, e nan ki kapasite ou konnen moun nan (yo) ki pretandi diskrimine, anmède e/oubyen revanje kont ou a? (Egzanp: "Mwen konnen Mesye/Madan X depi 10 an. Li se sipèvizè lokasyon travay mwen kounye a.")*

6. *Nan ki depatman/biwo/lekòl ou t ap travay lè pretandi diskriminasyon, revanj e/oubyen anmèdman an te rive ?*

7. *Ki kote w ap travay kounye a?*

8. *Ki aksyon, si te gen nenpòt, ou te pran apre pretandi diskriminasyon, revanj, e/oubyen anmèdman an te rive? (Deklare li pi espesifik posib, dat aksyon ou te pran (yo).)*

9. *Èske w te rapòte sa bay yon administratè, oubyen yon administratè lokasyon travay la? Si wi, silvouplè bay non endividi sa a (yo) e si l posib, bay lokasyon travay la oubyen nimewo telefòn kote yo ka jwenn yo. Deklare sa w te di espesifikman nan repons yo te ba ou e/oubyen aksyon administratè a te pran.*

10. Mete non lòt endividi (yo) ki te kab gen pwòp enfòmasyon sou detay ki relate ak plent ou a. Si l posib, silvouplè bay lokasyon travay la oubyen nimewo telefòn kote yo ka jwenn yo.

Non

Enfòmasyon Kontak

11. Silvouplè tcheke kategori ki aplikab ki baze sou plent ou a. Ou dwe note deskripsyon nou bay anba a se ak entansyon sèlman pou asiste w ak konpreyansyon pou yon varyete kategori e ou pa dwe konsidere l kòm “definisyon legal.”

___ **Laj** – kategori sa a prevni refi anplwaman egal e/oubyen opòtinite edikasyonèl e/oubyen anmèdman akoz laj moun nan.

___ **Koulè** - kategori sa a prevni refi anplwaman egal e/oubyen opòtinite edikasyonèl e/oubyen anmèdman akoz koulè po moun nan. Diskriminasyon koulè kab yon lòt klasman anndan yon ras ki baze sou difèt koulè po moun sa a diferan de koulè pa yo. Tankou, diskriminasyon koulè kab rive anndan menm ras la. Pa egzanp yo kab diskrimine ant yon moun ki pi nwa ak yon lòt ki pi klè menmlè yo toude se manm nan menm ras la.

___ **Andikap** - kategori sa a prevni refi anplwaman egal e/oubyen opòtinite edikasyonèl e/oubyen anmèdman akoz yon moun genyen oubyen yo apèsi li genyen yon andikap ki pèmanan ki kab limite sibstansyèlman oubyen prevni aktivite enpòtan nan lavi li.

___ **Etnisite oubyen Nasyonalite Orijin** - kategori sa a prevni refi anplwaman egal e/oubyen opòtinite edikasyonèl e/oubyen anmèdman akoz zansèt moun nan, peyi orijin; oubyen akoz yon endividi gen fizik, oubyen karakteristik kiltirèl oubyen lengwistik nasyonalite orijin yon gwoup.

___ **Akò Absans Familyal Medikal (Family Medical Leave Act (FMLA))** - kategori sa a prevni diskriminasyon pou yon anplwaye elijib egzèsè dwa pou yo pran jiska 12 semèn travay absans pandan peryòd 12-mwa pou youn oubyen plis rezon ki defini nan Estati Akò Absans Familyal Medikal la (FMLA).

___ **Sèks** - kategori sa a prevni refi anplwaman egal e/oubyen opòtinite edikasyonèl e/oubyen anmèdman akoz sèks moun nan; li asire yo pa trete gason diferan de fi e/oubyen vise vèsa. Diskriminasyon sèks gen ladan anmèdman seksyèl “harassment sexual” ak diskriminasyon gwosès jan yo eksplike l anba a.

___ **Preferans Lengwistik** - yon kategori diskriminasyon nasyonalite orijin, kategori sa a prevni refi anplwaman egal e/oubyen opòtinite edikasyonèl e/oubyen anmèdman akoz lang yon moun pale amwenke gen yon bezwen biznis lejitim ki mande pou moun nan pale yon lang espesifik.

_____ **Estatè Marital** - kategori sa a prevni refi anplwaman egal e/oubyen opòtinite edikasyonèl e/oubyen anmèdman akòz zansèt moun nan, peyi orijin; oubyen akòz moun nan marye oubyen li pa marye.

_____ **Kwayans Politik** - kategori sa a prevni refi anplwaman egal e/oubyen opòtinite edikasyonèl e/oubyen anmèdman akòz zansèt moun nan, peyi orijin; oubyen akòz sipò moun nan e/oubyen afilyasyon oubyen dezenterese li nan yon pati politik patikilye.

_____ **Gwosès** - diskriminasyon sa a se yon fòm diskriminasyon sèks, kategori sa prevni refi anplwaman egal e/oubyen opòtinite edikasyonèl e/oubyen anmèdman fi k ap pote bebe/ansent.

_____ **Ras** - kategori sa a prevni refi anplwaman egal e/oubyen opòtinite edikasyonèl e/oubyen anmèdman akòz ras moun nan. Senk ras yo rekonèt yo se Endyen Ameriken oubyen Natif Alaska, Asyatik, Nwa oubyen Afriken Ameriken; Awayen oubyen Lòt Pasifik Ilandè; ak Blan. Akòz chak moun gen yon ras yo kab diskrimine kont yo akòz ras yo. Moun ki soti nan ras melanje pa bezwen pwouve eritaj egzat yo pou yo kab deklare yon diskrimine kont yo akòz ras yo. Menmjan kategori sa a kouvri moun yo diskrimine akòz yo marye ak moun ki pa nan ras pa yo.

_____ **Relijyon** - kategori sa a prevni refi anplwaman egal e/oubyen opòtinite edikasyonèl e/oubyen anmèdman akòz moun nan kenbe pratik relijye sensè. Nan kèk sikonstans sa pèmèt moun nan jwenn mwayen akomodasyon akòz li kenbe pratik relijye sensè li.

_____ **Revanj** - kategori sa a prevni yo aksepte yon anplwaman difisil oubyen pran yon aksyon edikasyonèl kont nenpòt moun ki opoze ak aktivite ki vyole Dwa Sivil yon moun oubyen ki patisipe nan yon envestigasyon ki gen rapò ak Dwa Sivil kote gen yon lye ant aksyon anplwaman difisil la ak aksyon opozisyon vyolasyon Dwa Sivil moun nan oubyen patisipe nan yon envestigasyon Dwa Sivil.

_____ **Anmèdman Seksyèl** - kategori sa a prevni avans seksyèl endezirab; demand pou favè seksyèl; e lòt konduit vèbal oubyen fizik ki de nati seksyèl, soumisyon ak yon konduit konsa – swa ouvètman oubyen sekretman – yon tèm oubyen kondisyon anplwaman oubyen patisipasyon nan yon pwogram edikasyonèl; soumisyon oubyen rejeksyon yon endividi ki itilize yon konduit konsa kòm baz pou anplwaman oubyen desizyon edikasyonèl ki afekte endividi a; oubyen yon konduit konsa gen bi oubyen pwodui entèferans ki pa rezonab ak travay oubyen pèfòmans akademik yon endividi oubyen kreye entimidasyon, ostilite travay oubyen anviwonman edikasyonèl ofansif.

_____ **Oryantasyon Seksyèl** - kategori sa a prevni refi anplwaman egal e/oubyen opòtinite edikasyonèl e/oubyen anmèdman akòz preferans seksyèl yon moun; sa aplikab menmsi endividi a se etewoseksyèl, omoseksyèl, oubyen biseksyèl .

_____ **Kad Sosyal e Familyal** - kategori sa a prevni refi anplwaman egal e/oubyen opòtinite edikasyonèl e/oubyen anmèdman akòz kad sosyo-ekonomik, familyal e/oubyen edikasyonèl yon moun.

Mwen konprann enfòmasyon mwen bay yo ap detèmine kapasite investigasyon Konfòmite Dwa Sivil "Civil Rights Compliance (CRC)" plent mwen an. Mwen li plent anwo a e mwen gen konfyans tout sak ladan yo se verite e presiz nan konesans pa m. Mwen konprann soumèt fo enfòmasyon kab lakoz aksyon disiplinè kont mwen.

Siyati Moun nan

Non Moun nan Enprime

Dat

(Silvouplè asire w kenbe yon kopi fòm sa a ak tout lòt dokiman sipòtif yo pou dosye w.)